# INSANNIŃ UNAMSIZ XARAKTERIN BILDIRIWSHI FRAZEOLOGIYALIQ BIRLIKLER HAQQINDA

*Xudaybergenov Azamat Abdikalıkovich*
*NMPI Inglis tili hám ádebiyatı kafedrası docenti., PhD*

Hár bir tildiń frazeologiyalıq fondın semantikalıq súwretlewde sistemalı qatnas eń jaqsı usıl bolıp tabıladı. Bunday súwretlewdiń eń áhmietli jolı bul, FB (frazeologiyalıq birlikler) dıń qaysı frazeosemantikalıq toparǵa tiyisli ekenligin tabıw bolıp tabıladı.

Frazeologiyalıq topar quramın belgilep, onnan úlkenirek birlespe quramın anıqlaw múmkin, úlken birlespe quramınıń bir bólegi izertlenip atırǵan frazeologiyalıq topar boladı, atap aytqanda, frazeomikromaydan frazeomakromaydan quramına kiredi. Bul bolsa frazeologiyalıq sistema basqıshlı dúzilisiniń bir kórinisi bolıp tabıladı.

Joqarıdaǵı teoriyalardan kelip shıǵıp, insan xarakterin bildiriwshi frazeologiyalıq birliklerdi toparlarǵa ajıratıp, olardıń arasınan insannıń unamsız xarakterin bildiriwshi FBlerdi tańlap alıwǵa qarar ettik. Bul toparǵa frazeologiyalıq mánisinde unamsız subektiv-bahalaw komponentine iye FB ler kiredi. Olarda insan xarakteri haqqında jámiyetlik turmista qáliplesken unamsız belgiler óz kórinisin tabadı. Bul toparǵa tiyisli FBler inglis hám qaraqalpaq tillerinde kóplep ushırasadı. Frazeologiyalıq sistemadaǵı ulıwma semantikalıq unamsız mánige iye frazeo-semantikalıq qatarlarǵa tán FBlerden mısallar keltiremiz.

Eń kóp muǵdardaǵı frazeologizmler "ziyan" ulıwma mánisi tiykarında óz aldına kishi toparǵa birlesedi:

*a bad actor; swear black is white; hit a man when down; sell the sitting pheasant; crowd the mourners; paint somebody black; (salıstıramız:qaraqalpaq tilinde: birewdiń qanın ishiw (jutıw); bunday hádiyselerge jer qalay shıdaydı (kimge-nege); bir qasıqtaǵı suw shóktiredi; qudıq túbindegi jılan).[1;270], [3;27]*

Ulıwma mánisi "ótirik sóylew, eki júzlilik" bolǵan frazeo-semantikalıq kishi toparǵa tiyisli FB ler: *a double game; window dressing; play a double game; show a false (ace; make semblance (put on a semblance) of smth); (salıstıramız:qaraqalpaq tilinde: eki júzli adam)*

Ulıwma mánisi "zulımlıq, ayawsız" bolǵan frazeo-semantikalıq kishi toparǵa tiyisli FB ler: *King Stock; drop (weep) millstones (one's eyes drop millstones) (ekinshi mánide); to out-Herod Herod; deneni (sırǵıydı) qıysaytıw (ekinshi mánide); monshanı bermek (kimge) (ekinshi mánide) (salıstır: qaraqalpaq tilinde: qısqıǵa alıw); ósh alǵansha eziw; (salıstırma: qaraqalpaq tilinde: qattı eziw, ayamay jumsaw); untaq bolǵansha eziw (kimdi, neni) (salıstırma: qaraqalpaq tilinde: tas-talqan etiw, joq etiw); jer betinen sıpırıp taslaw (ekinshi mániste) (salıstırma: qaraqalpaq tilinde: jer betinen óshiriw, kúlin kókke súwiriw).* [2;37].

"Maqtanshaqlıq" ulıwma mánisine tiyisli frazeo-semantikalıq kishi toparǵa tiyisli FB lar: *be a lot of noise; swap ties; shoot (throw) the bull; spend (waste) breath (one's breath) - a man (a person) of many wards; (salıstıramız:qaraqalpaq tilinde: tilge sóltek; antonimiyalar dúziw (birinshi mániste); tildi sharlaw (birinshi mániste); tiline erk berip jiberiw)*;

Bunnan keyingi orınlardı ulıwma mánisi "jumıssızlıqqa ósh" frazeo-semantikalıq topar iyeleydi: *eat the idleness; a man of nothing to do; sit like on a bump on a log; otırǵıshta otırıw; (salıstırmalı; qaraqalpaq tilinde: eki qolın qawsırıp otırıw (biykarshı)).*

"Ótirik" penen baylanıslı ulıwma mánisine birlesetuǵın frazeo-semantikalıq kishi toparǵa tiyisli FBlerge mısallar keltiremiz: *tell stories; play (tip) the traveler; give a lurch; (salıstırmalı: qaraqalpaq tilinde: qulaqqa laǵman asıw (ótirik aytıw, jalǵan sóylew, ótirik sóylew). [2;170], [3;47]*

Tilde usınday frazeologizmlerdiń bar bolıwı hár bir til frazeologiyasınıń onı basqa tiller menen jaqınlastıratuǵın ulıwmalıq belgilerinen tısqarı ishki rawajlanıw nızamlıqları menen shártlesken ózgesheliklerine de iye bolatuǵınlıǵınan, al bular sol til iyeleriniń onı qorshap turǵan obyektiv barlıqtı ózine tán túsiniw xarakterinen de kelip shıǵadı.

Soǵan qaramastan, insan xarakteriniń kóplegen áhmiyetli belgilerin unamsız bahalaw belgisi menen bildiriwshi FBlerdiń qamtıp alıw kólemi obektiv turmıstıń barlıq tárepler in óz

semantikasında sáwlelendiretuǵın leksikalıq birliklerge salıstırǵanda ádewir az. Bul bolsa frazeologiyalıq sistemanıń nominaciya quralı sıpatında tolıq emes qásiyetke iye ekenligine jáne bir dálil bolıp tabıladı.

Jek kóriw, áshkaralaw sıyaqlı emocionallıq konnotaciya mánis túrlerin tómendegi frazeologizmlerde kóriwge boladı: *be afraid of one's (one's own) shadow: (salıstıramız: qaraqalpaq tilinde: óz kóleńkesinen qorqıw).*

Qaraqalpaq tiliniń frazeologizmlerinen ózgeshe túrde ayırım inglis tiliniń frazeologizmleri hár qıylı xarakter belgilerin kórsetiwshi yamasa "qızǵanshaqlıq"tı bildiriwshi ulıwma táriypten tikkeley basqasha, (mısalı, *have a nitching palm - ǵárezli maqsette (salıstırma: qaraqalpaq tilinde: óz mápin oylawshılıq, qara basınıń paydasın oylawshılıq)), yamasa qosımsha semantikaǵa ie (mısalı: the daughter of the horse-leech - zalımlıq (salıstırma: qaraqalpaq tilinde: tas bawrılıq); one's (the) eye is bigger than one's (the) belly) - qızǵanısh, baqıllıq (salıstırma: qaraqalpaq tilinde: ishi tarlıq, ishinde qasıq aylanbaw, kóre almawshılıq)* sıyaqlı qosımsha differencial semalarǵa iye boladı.

Solay etip, inglis hám qaraqalpaq tillerinde ulıwma mánileri menen insannıń xarakterli belgilerin bildiretuǵın "qorqaqlıq" hám "qızǵanshaqlıq" frazeo-semantikalıq kishi topparı FB lerdıń semaların salıstırmalı analiz qılıw tiykarında hár eki tilge tán integral hám differencial semaları anıqlandı, olardıń nátiyjeleri hár eki tilde de úyrenilip atırǵan materiallarda tiller aralıq uqsaslıqlardıń bar ekenligin dálilledi.

**PAYDALANILǴAN ÁDEBIYATLAR DIZIMI:**

1. Kunin A.V. Kurs frazeologii sovremennogo angliyskogo yazika.- 2-e izdanie., pererab.- M.: Visshaya shkola; Dubna: Feniks, 2006.-381s.
2. Litvinov P.P. Frazeologiya.- M.: Primstroy – M, 2001.-182s.
3. Nawrızbaeva S.T. Frazeologicheskie edinitsı v karakalpaksko-russkom slovare.– T.: FAN, 1972.–75 s.
4. Жалгасов Н. Семантика пословиц в свете антропоцентрической парадигмы //Иностранная филология: язык, литература, образование. – 2019. – №. 2 (71). – С. 55-59.
5. Сапаров С. П. ЛЕКСИКО-СЕМАНТИЧЕСКИЙ АНАЛИЗ ФРАЗЕОЛОГИЧЕСКИХ ЕДИНИЦ АНГЛИЙСКОГО И КАРАКАЛПАКСКОГО ЯЗЫКОВ //ХАБАРШЫСЫ. – 2022. – Т. 3. – С. 195.
5. Худайбергенов, А. А. (2020). О классификационной систематизации фразеологических единиц в каракалпакском языке. Вестник КГУ им. Бердаха. №, 4, 293.